# TÁRBIYASHÍ - BALALARDÍ TÁBIYATQA MUHABBATTÍ OYATÍWSHÍ

**Jumaniyazova Zlixa Reymovna**
*Nòkis innovacion instituti Mektepke shekemgi hàm baslawısh tàlim kafedrası, w.w.a..docenti,*

**Jalalova Sarbinaz Salavatdinovna**
*Nòkis innovacion instituti Mektepke shekemgi hàm baslawısh tàlim 2-kurs talabası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079140

***Annotaciya:*** *Balanı tábiyat penen tanıstırıwda onı tábiyattı túsiniwge úyretiwdi, tábiyatqa zıyan keltirmew, ekologiyanı zıyanlamaw (qorshaǵan ortalıqtı pataslamawga tárbiyalaw mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń eń áhmiyetli wazıypası bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı tábiyat penen tanıstırıw procesinde tábiyatqa zıyan keltirmew, ekologiyanı zıyanlamawga qatnasta bolıwdı qáliplestiriwge úlken itibar beriledi. Balalar tábiyat haqqında dáslepki bilimlerdi iyelewi, ósimliklerdi ósiriw, haywanlardı baǵıwdıń ápiwayı usılların úyrenip, tábiyattı baqlay alǵanda, onıń gózzallıǵın kóre alǵanda ǵana olarda tábiyatqa, qorshaǵan ortalıqtı pataslamawga hám ǵamxorlıq penen qatnasta bolıwdı tárbiyalaw imkaniyatı payda boladı. Balalarda tábiyatqa jana-jan úlkege, ana-watanǵa muhabbatı artıp baradı.*

***Tayanısh sózler:*** *immunitet, dóretiwshilik, qàbilet, kommunikativ, kompyuter, texnologiya, internet, intellektual, rawajlanıw, strategiya.*

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı hár tárepleme jetilistiriw hám tárbiyalawdıń eń nátiyjeli usıllarınan biri bul tábiyat penen tanıstırıw bolıp esaplanadı. Tábiyat - balanı ruwxıy bayıtıwdıń sheksiz deregi. Balalar mudamı ol yamasa bul formada tábiyat penen baylanısta boladı. Olardı jasıl otlaqlar, ájayıp gúller, gúbelekler, qońızlar, quslar, haywanlar, júzip júriwshi bultlar, pada-pada jawıp atırǵan qar ushqınları, dárya hám kóller ózine tartadı. Ósimlik hám haywanlardıń hár qıylı dúnyası balalarda tábiyatqa bolǵan janlı qızıǵıwshılıǵın hám háwesin oyatadı, olardı jumısqa iytermeleydi. Tábiyat penen pikirlesiw balalarda qorshaǵan álem haqqındaǵı realistlik bilim, tirli janzatqa insanıy qatnas qılıwdı qáliplestiriwge járdem beredi.

Balanı tábiyat penen tanıstırıw, oni tábiyattı túsiniwge úyretiw, tábiyatqa abaylı qatnasta bolıwdı tárbiyalaw mektepke shekemgi bilimlendiriw sholkemleriniń eń áhmiyetli wazıypası esaplanadı. Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı tábiyat penen tanıstırıw procesinde tábiyatqa zıyan keltirmew, ekologiyanı zıyanlamaw qorshaǵan ortalıqtı pataslamawdı qáliplestiriwge úlken itibar beriledi. Balalar tábiyat haqqında dáslepki bilimlerdi iyelewi, ósimliklerdi ósiriw, haywanlardı baǵıwdıń ápiwayı usılların úyrenip, tábiyattı baqlay alǵanda, onıń gózzallıǵın kóre alǵanda ǵana olarda tábiyattı qorǵaw hám ǵamxorlıq penen qatnasta bolıwdı tárbiyalaw imkaniyatı payda boladı. Balalarda tábiyatqa jaṅa-jan úlkege, ana-Watanǵa muhabbatı usı tiykarda qáliplesedi.

Sol sebepli mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde balalarga tálim-tárbiya berip atırǵan tárbiyashılardıń aldında eń áhmietli wazıypalarınan biri de balalardıń tábiyat gózzallıqların kóre biliwi, sulıw, tábiyatta júz beretuǵın waqıya-hádiyseler haqqında durıs túsinikke iye bolıwı, qalaberse tábiyat jaratqan baylıqlardan aqılǵa say paydalanıw ruwxında tàrbiyalaw baslı waziypa bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikasınıń dáslepki hám mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń rawajlanıwına qoyılatuǵın Mámleketlik talaplar, "Ilk qadam" Mámleketlik oqıw baǵdarlamasında berilgen jıllıq tematikalıq reje tiykarında ay temaları hám hápte temalarına tiykarlanıp, óz jasaw ornınan kelip shıǵıp ózine tán etnikalıq qásiyetleri, geografiyalıq klimatı, tábiyiy qásiyetlerinen orın alǵan halda ámelge asıramız.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń hár bir jas basqıshına tán psixofiziologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda dáslepki jastaǵı kishi topardan baslap mektepke shekemgi tayarlıq topars ushın mólsherlengen bilim hám kónlikpeler kólemin óz ishine aladı.

Bolajaq mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń tárbiyashıları ushın eń áhmiyetlisi, tálim-tárbiya sistemasın túsiniwde tábiyat penen tanıstırıw

Tábiyattaǵı zatlar eki bólimnen: janlı hám jansız tábiyattan ibarat.

Jansız tábiyatqa jer, quyash, juldızlar, suw, hawa, taslar, topiraq.

Tiri emes tábiyat dep atalıwınıǹ sebebi olar azıqlanbaydı, óspeydi, kóbeymeydi, rawajlanbaydı. Máselen, tastı alıp qarqiiq, oǵan suw da, hawa da kerek yemes.

Tiri tábiyatqa bolsa ósimlikler, haywanlar, mikroorganizmler, adamlar kiredi.

Tiri tábiyatqa kiriwshiler bolsa azıqlanadı, dem aladı, ósedi hám kóbeyedi. Tiri tábiyat wákilleri ósimlik, hawa, suw, jaqtılıq, jıllılıq hám azıq-awqat bolmasa jasay almaydı.

Tiri tábiyattaǵı barlıq janzatlar arasında en qúdiretlisi adam bolıp tabıladı. Insan pikirleydi, miynet etedi, túrli jańalıqlar oylap tabadı. Tábiyat penen insan arasındaǵı únleslikti támiyinlewde ekologiyalıq tálim-tárbiyanıń roli oǵada úlken. Bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshlarında ámelge asırılatuǵın úzliksiz ekologiyalıq tálim hám tárbiya insannıń tábiyatına, qalaberse, ózine bolǵan jańa qatnaslardıń qáliplesiwin jaratadı. Bul óz náwbetinde bárkamal insan qáliplesiwinde tiykar bolıp xızmet etiwi múmkin. Tábiyatqa muhabbattı oyatıw ana Watanǵa, onıń tábiyat estelikleri, tariyxıy estelikleri, xalqımızdıń dástúrlerine húrmet ruwxında tárbiyalawǵa, joqarı mánawiyatlı shaxstıń qáliplesiwine alıp keledi.

Ekologiya túsinigi grekshe sóz bolıp, "eko" - úy, mákan hám "logos" - pán degen mánisti bildiredi. Tábiyiy úyimizdi úyreniw degende, álbette, ondaǵı barlıq tiri

organizmler hám proceslerdi úyreniw, yaǵnıy usı úydi yaki orındı tirishilik ushın saqlaw sıyaqlı máseleler túsiniliwi kerek.

Qorshagan ortalıq, tábiyat sociallıq ekologiya esaplanıp, onıń maqseti insan menen qorshagan ortalıq arasındaǵı jeke baylanıslardı úyreniwden ibarat. Solay etip, ekologiya búgingi kúnde tábiyiy hám sociallıq ekologiya qatarınan bolıp, úyrenilip atırǵan obyekt yaki sistemanıń qorshagan ortalıq penen qatnasın keń túrde túsindirip beredi. Ekologiya - bul tábiyat penen tiri organizmlerdiń úzliksiz baylanısın aǹlatar eken, ol, sózsiz tábiyattı qorǵaw ushın xızmet etedi.

Balanıń belgili bilimlendiriw-tárbiyalıq nátiyjesi: bilimlerdi iyelew, qánigelik hám kónlikpelerdi payda etiw, qábiletlerdi ósiriw, ádep-ikramlılıq sıpatları, minez-qulıq ádetlerin qáliplestiriwge erisiw ushın baǵdarlanǵan birgeliktegi iskerliginiń ósiwi bolıp tabıladı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde balalardı tábiyat penen tanıstırıw procesinde túrli metodlardan paydalanıladı. Tábiyat penen tanısıw metodları úsh tiykarǵı toparǵa bólinedi:

Kórgizbeli metod - baqlaw, súwretlerdi kóriw, diafilm, kinofilm, ekskurciyalar.

Ámeliy metod - oyın metodı, miynet, ápiwayı tájiriybeler.

Awızeki metod - tárbiyashınıń gúrrińi, kórkem shıǵarmalardı oqıw, sáwbetlesiw.

Metodlardı tańlawda tárbiyashı balalardıń jas ózgeshelikleri, psixologiyası, bilimleri, baǵdarlama talapları, óz úlkesiniń klimatınıń tábiyatı, pedagogikalıq principlerin esapqa aladı. Joqarıdaǵı metodlar bir-biri menen tıǵız baylanıslı hám bir-birin toltıradı.

Baqlaw usılı. Túrli jas toparlarında balalardı tábiyat penen tanıstırıwda tárbiyashı kórgizbeli metod - baqlawdan keń paydalanadı. Baqlaw - tábiyat deneleri hám hádiyseleriniń tábiyiy sharayatlarda maqsetke baǵdarlanǵan hám tikkeley usı hádiyselerdiń barısına aralaspastan sezimler menen qabıl etiw. Baqlaw quramalı biliw iskerligi bolıp, onda seziw, oylaw hám sóylew qatnasıp, turaqlı dıqqat talap etiledi.

Balalardı tábiyat penen tanıstırıwda turaqlı baqlawlar alıp barıw olardıń logikalıq pikirlew hám sóylewin rawajlandırıwda júdá úlken áhmiyetke iye.

Ámeliy usıl. Oyın-bul ámeliy usıldıń bir túri bolıp, onıń bir neshe túrleri bar. Tábiyattıń ápiwayı hádiyseleri hám túsiniklerin keńeytiwde ótkeriletuǵın baqlawlar menen bir qatarda hár qıylı oyınlardan keń paydalanıladı. Bul oyınlarda balalar seziwsheńlik tájiriybesin arttıradı, iyelegen bilimlerin dóretiwshilik penen ózlestiredi. Balalardı tábiyat penen tanıstırıwda didaktikalıq, háreketsheń hám dóretiwshilik oyınlardan paydalanıladı.

Háreketsheń oyınlar haywanlardıń háreketleri, olardıń tirishilik tárizin tanistriw menen baylanıslı bolıp, ayırımlarında jonsız tábiyat hádiyselerin sáwlelendiredi. Bul "Ana tawıq hám shójeler," "Mushıq hám tıshqanlar," "Quyash hám jawın" hám usı sıyaqlı oyınlar.

*Dóretiwshilik oyınlar.* Oyında balalar shınıǵıw, ekskurciya, kúndelikli turmıs procesinde alıngan tásirlerdi sáwlelendiredi (qusshılıq fabrikası, ıssıxana hám usı sıyaqlılardağı jumıslar), olar haqqındağı bilimlerdi iyeleydi, bunda olarda miynetke dóretiwshilik múnásibet qáliplesedi, úlkenlerdiń tábiyattağı miynetleriniń áhmiyetin ańlaydı.

*Awızeki usılı* - tábiyat penen tanıstırıwda hám didaktikalıq wazıypalardan kelip shiqqan halda sáwbet eki túrge - aldınnan ótkeriletuǵın sáwbetler hám juwmaqlawshı sáwbetlerge bólinedi. Aldınnan ótkeriletuǵın sáwbetlerdi tárbiyashı baqlawlar, ekskurciyalardan aldın qollanadı. Tábiyat penen balalardı tanıstırıwda sáwbetler nátiyjeli tayarlıqqa baylanıslı. Sonıń ushın tárbiyashı balalardı baqlawlar, miynet iskerligi, oyınlar, tábiyat haqqındağı gúrrińler arqalı sáwbetke tayarlawı kerek. Balalarda qanday konkret túsinik bolsa, sol tema boyınsha ǵana sáwbet ótkeriw maqsetke muwapıq.

Mektepke shekemgi jastağı balalardı tábiyat penen tanısıw procesinde hám bilimlerdi iyelewde, qánigelik hám kónlikpelerdi payda etiwde, qábiletlerdi ósiriwde, ádep-ikramlılıq sıpatların hám minez-qulıq ádetlerin qáliplestiriwde balanı ruwxıy bayıtıwdıń sheksiz deregi - bul tábiyat!

**Ádebiyatlar**

1. Djanpeisova G.E., Rasulxo'jaeva M.A.Tabiat bilan tanishtirish. T.: Innovatsiya Ziyo, 2020.- 320 b.
2. Sodiqova Sh.A. Maktabgacha pedagogika. T.: Tafakkur bo'stoni 2013.
3. N.Kayumova. Maktabgacha pedagogika. T.: TDPU 2013.
4. O`zbekiston Respublikasi maktabgacha ta`lim tashkilotlari uchun "Ilk qadam" davlat o`quv dasturi, T 2022.
5. Sodiqova Sh.A, Rasulxo'jaeva.M. Bolalarni tabiat bilan tanishtirish metodikasi.T.:Fan va texnologiya 2013.
6. Qodirova.F, Toshpo'latova Sh, A'zamova.M., "Maktabgacha pedagogika".-T., "Ma'naviyat". 2013
7. N.Jo'raev.N va boshqalar "Ekologiya huquqi" T.:Adabiyot jamg'armasi.2001.